Приложение
к ООП СОО МБОУ «СОШ № 2 с.Автуры
им.К.А.Эпендиевой»

# Рабочая программа учебного предмета[1]
# «Чеченская литература»
***(базовый уровень)***

[1] Данная рабочая программа является базовой для учителя-предметника. Количество часов в тематическом планировании в каждом классе корректируется в соответствии с учебным планом ООП СОО в зависимости от профиля обучения.

## 1. Планируемые результаты освоения учебного предмета «Чеченская литература»

**1.Планируемые результаты** осознание значимости чтения и изучения литературы для своего дальнейшего развития; формирование потребности в систематическом чтении как средстве

- познания мира и себя в этом мире, гармонизации отношений человека и общества, многоаспектного диалога;
- понимание литературы как одной из основных национально-культурных ценностей народа, как особого способа познания жизни;
- обеспечение культурной самоидентификации, осознание коммуникативно-эстетических возможностей чеченского языка на основе изучения выдающихся произведений чеченской традиционной культуры, культуры своего народа, мировой культуры;
- воспитание квалифицированного читателя со сформированным эстетическим вкусом, способного аргументировать своё мнение и оформлять его словесно в устных и письменных высказываниях разных жанров, создавать развёрнутые высказывания аналитического и интерпретирующего характера, участвовать в обсуждении прочитанного, сознательно планировать своё досуговое чтение;
- развитие способности понимать литературные художественные произведения, отражающие разные этнокультурные традиции;
- овладение процедурами смыслового и эстетического анализа текста на основе понимания принципиальных отличий литературного художественного текста от научного, делового, публицистического и т. п., формирование умений воспринимать, анализировать, критически оценивать и интерпретировать прочитанное, осознавать художественную картину жизни, отражённую в литературном произведении, на уровне не только эмоционального восприятия, но и интеллектуального осмысления.

### 1.Предмет 1аморца доьзна долу жам1аш

### Родная литература (чеченская литература)

Дешаран предметан юкъара характеристика

Лаккхара ийман а долуш, эстетикин мах хадо а хууш, г1иллакх-оьздангаллех массо а аг1ор адам кхиорехь доккха маь1на ду исбаьхьаллин литература. Дешаран хьукматехь литература хьехар кхочушдо искусствон дахарца з1е тасарца, кеп а, чулацам а вовшех буозарца, историна, ламасташца, керла юкъадалорашна т1е а тийжаш,историн-культурин хаамех пайдаоьцуш, литературин теорин а, историн а коьрта кхетамаш 1амош, исбаьхьаллин произведенеш талла а,церан мах хадо а хаарш луш, литературин меттан исбаьхьаллин г1ирсаш караберзош а.

Дешаран хьукматехь литература хьехаран 1алашо-дешан искусство, классически а, кхечу халкъийн а литературийн хьал довзийтар; литературан социокультурин цхьана декъах санна кхетамбалар.Литература 1аморан бух-

исбаьхьаллин говзарш ешар а, 1амор; историн-культурин а хиламийн а, дешан говзанчийн биографеш а йовзийтар.

Литературин говзарийн эстетикин мах хадо, царех кхета дешархой 1амор.

Дукха хенахь дуьйна исбаьхьаллин аг1ор дерриге халкъо классически аг1ор къобалйина, мехкан а, дуьненан а литературин хазна хилла д1ах1иттина исбаьхьаллин говзарш 1аморехь бен кхочушъялур яц литературин 1алашонаш. Цу т1е а доьг1на, школехь литература 1аморан 1алашо ю лаккхара исбаьхьаллин кхачамболу, дахаран бакъдерг гойту, юкъара синмехаллаш йовзуьйтуш, адамашкахь лекхара синъоьздангаллин синхаамаш кхуллуш йолу дуьненахь тоьлла йолу дешан культурин исбаьхьаллин говзарш дешархошна йовзийтар.

10-чу классехь нохчийн литература к1иранах 3 сохьтехь хьеха лерина ю программа.

**2. Белхан программин чулацам 102 сахьт**

Довзийтар(1 сахьт)

Нохчийн литература кхоллаяларан башхаллаш.

Арсанов С.-Б. А.(10 сахьт)

Арсанов Саь1ид-Бейн дахар а, кхолларалла а.«Маца девза доттаг1алла»роман. Романехь къинхьегамхойн васташ кхолларан башхаллаш.Арсби а, цуьнан накъостий а: Джо, Таташ, Джабраил. Бено. Цуьнан г1иллакх-оьздангалла кхиаран хьелаш. Романехь зударийн васташ: Хедишат, Селима, Ульяшева. Романехь къаьмнашна юкъара доттаг1аллин тема гайтаран башхаллаш.

Литературан теори.Романах кхетам балар.

Мамакаев М.А. (10сахьт)

Мамакаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а. «Орган т1ехь сатесна», «Т1улгаша а дуьйцу», «Даймахке», «Зама»стихотворенеш.

«Зеламха»роман. Романан турпалхочун Зеламхан васт кхолларан башхаллаш. Романехь зударийн васташ: Бици, Зезаг. Зеламхас латтийначу къийсаман маь1на. Романан маь1на а, исбаьхьаллин башхаллаш а.

Литературан теори.Лирикех болу кхетам к1аргбар. Романах болу кхетам к1аргбар.

Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь (5 сахьт).

«Дерриге а т1амна», «Цавевзачу салтичун каш»стихотворенеш.«Малх тоьлур бу»поэма.

Х1инцалерчу литературехь Даймехкан т1амехь гайтинчу халкъан турпалаллин тема(2 сахьт).

«Ирс къуьйсуш веллачун сий делахь, Латта!»стихотворени.

Ошаев Х. Д. (10 сахьт).

Ошаев Халидан дахар а, кхолларалла а.«Алун шераш»роман. Граждански т1еман хенахь Нохчийчохь лаьттина къийсам гайтар. Романан чулацамехь къаьмнашна юкъара доттаг1аллин уьйраш. Романан турпалхойн Шапиев Ахьмадан, Александр Сачинан, Чергизов Амадин васташ дастаран башхаллаш.

«Алун шераш»романан маь1на а, исбаьхьаллин башхаллаш а.

Литературан теори.Роман - эпопеях кхетам балар.

Гадаев М.-С. (10 сахьт).

Гадаев Мохьмад-Салихьан дахар а, кхолларалла а. «Даймахке сатийсар»,

«Дай баьхна латта», «Рег1ара поп», «Гуьйренан зезаг», «Генара кехат»,

«Ц1ен Берд» стихотворенеш. Нохчийн литературехь Гадаев Мохьмад-Салихьан кхолларалли мехалла.

Литературан теори.Стихах болу кхетам к1аргбар. Поэтически суртх1отторан г1ирсех болу кхетам к1аргбар.

Исаева М. С.(7 сахьт).

Исаева Марьяман дахар а, кхолларалла а.«Ирсан орам» роман. Васса а, Акаев Руслан а романехь гайтаран башхаллаш. Романехь кегийрхон васташ.

Романехь къинхьегаман тема къасторан башхаллаш.

Литературан теори.Романехь дахар гайтаран башхаллаш.

Эдилов Х. Э. (7 сахьт).

Эдилов Хасмохьмадан дахар а, кхолларалла а. «Сийлаха»поэма.

Поэмин турпалхойн Ибрах1иман, Сийлахин васташ кхолларан башхаллаш. Сийлаха а, Эдалха а. Ибрах1им а, Эдалха а.

Литературан теори.Лиро-эпически произведенех болу кхетам к1аргбар.

Музаев Н. Д. (6 сахьт).

Музаев Нурдинан дахар а, кхолларалла а.«Сатийсаман ницкъ»Нохчийчоьнан нефтахойн г1уллакхаш гайтаран башхаллаш. Ламчуьра жа1уьнийн дахар гайтаран башхаллаш. Романехь нохчийн г1иллакхаш, хьаша-да ларар гайтаран башхаллаш.

Литературан теори.Романах болу кхетам к1аргбар.

Гайсултанов 1. Э.(7 сахьт).

Гайсултанов 1умаран дахар а, кхолларалла а.«Александр Чеченский» повесть. Кегий йийсарш. Ша винчу юьрта кхаьчча, А.Чеченскийн хилла дог-ойла гайтаран башхаллаш. Алексадр Чеченскийн дахаран т1аьххьара шераш повестехь гайтар.

Литературан теори.Исторически повестах кхетам балар.

Базоркин И.М.(5 сахьт).

Базоркин Идрсан дахар а, кхолларалла а.«Б1ешерийн боданера»романехь г1алг1айн къоман хьалхалера дахар гайтаран башхаллаш. «Б1ешерийн боданера»романан турпалхойн васташ кхолларан башхаллаш.

Казбеги А.(5 сахьт).

Казбеги Александран дахар а, кхолларалла а.«Элиса», «Да вийнарг», «Циция» повесташ.

Аннотаци язъяйтар(2 сахьт).

10-г1а класс чекхъяьккхинчарна хаа дезарг

Литература 1амийначу дешархочунна хаа деза:

– нохчийн литературан кхечу къаьмнийн литератураца хилла уьйраш;

– Мамакаев Мохьмадан, Арсанов Саь1ид-Бейн, Мамакаев 1аьрбин дахаран а, кхоллараллин а некъан коьрта муьраш, кхиболчу яздархойн дахарх лаьцна коьртаниг;

– 1амийначу исбаьхьаллин произведени т1ехь гайтинчу заманан коьрта билгалонаш;

– 1амийнчу исбаьхьаллин произведенийн сюжетан а, д1ах1оттаман а,вастийн а башхаллаш;

– 1амийнчу исбаьхьаллин произведенийн коьртачу турпалхойн амалш, юкъара маь1на;

– 1амийнчу исбаьхьаллин произведенийн жанрийн къастамаш;

– лирикан, поэтически меттан, эпически, лиро-эпически произведенийн коьрта билгалонаш;

– исбаьхьаллин литературан хаарш алсам дахаран а, кхетош-кхиоранж маь1на;

– дагахь 1амо билгалъяьхначу произведенийн тексташ.

Дешархошна 1емина хила деза:

– произведени т1ера исбаьхьаллин суьрташ шайн ойланехь юха схьах1итто;

– литературан произведени шен жанран а, идейно-исбаьхьалин а башхаллашка хьаьжжина къасто;

– исбаьхьаллин произведени муьлхачу литературан тайпанан ю (эпически, лирически, драматически) билгалдаккха;

– литературан произведенин коьрта проблемаш билгалъяха;

– цхьана я масех произведенин турпалхойн васташ вовшех дустуш къасто;

– произведенехь сюжетан, д1ах1оттаман, вастийн исбаьхьалии суртх1отторан г1ирсийн цхьаалла гучуяккха а, маь1на дан а;

– произведенин турпалхошка а, цу т1ерачу хиламашка а авторан болу хьежамаш билгалбаха;

– ешначу произведених а, цуьнан турпалхойх а шайна хетарг бух болуш ч1аг1адан;

– ибаьхьаллин произведени къастош еша;

– шаьш кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план х1отто;

– барта а, йозанан а тайп-тайпана сочинеш кхолла;

– литературан хьокъехь а, юкьараллин дахарх лаьцна а йолчу статьян план, тезисаш, конспект х1отто;

– литературан материал т1ехь доклад, къамел кечдан (цхьана-шина книгех пайда оьцуш);

– шаьш ешначу книгина рецензи язъян;

– ишколан дахарх лаьцна доклад, къамел кечдан.

Дешаран предметан юкъара характеристика

Лаккхара ийман а долуш, эстетикин мах хадо а хууш, г1иллакх-оьздангаллех массо а аг1ор адам кхиорехь доккха маь1на ду исбаьхьаллин литература. Дешаран хьукматехь литература хьехар кхочушдо искусствон дахарца з1е тасарца, кеп а, чулацам а вовшех буозарца, историна, ламасташца, керла юкъадалорашна т1е а тийжаш,историн-культурин хаамех пайдаоьцуш, литературин теорин а, историн а коьрта кхетамаш 1амош, исбаьхьаллин произведенеш талла а,церан мах хадо а хаарш луш, литературин меттан исбаьхьаллин г1ирсаш караберзош а.

Дешаран хьукматехь литература хьехаран 1алашо-дешан искусство, классически а, кхечу халкъийн а литературийн хьал довзийтар; литературан социокультурин цхьана декъах санна кхетамбалар.Литература 1аморан бух–исбаьхьаллин говзарш ешар а, 1амор; историн-культурин а хиламийн а, дешан говзанчийн биографеш а йовзийтар.

Литературин говзарийн  эстетикин мах хадо, царех кхета дешархой 1амор.

Дукха хенахь дуьйна исбаьхьаллин аг1ор дерриге халкъо классически аг1ор къобалйина, мехкан а, дуьненан а литературин хазна хилла д1ах1иттина исбаьхьаллин говзарш 1аморехь бен кхочушъялур яц литературин 1алашонаш.

Цу т1е а доьг1на, школехь литература 1аморан 1алашо ю лаккхара исбаьхьаллин кхачамболу, дахаран бакъдерг гойту, юкъара синмехаллаш йовзуьйтуш, адамашкахь лекхара синъоьздангаллин синхаамаш кхуллуш йолу

дуьненахь тоьлла йолу дешан культурин исбаьхьаллин говзарш дешархошна йовзийтар.

11-чу классехь нохчийн литература к1иранах 3 сохьтехь хьеха лерина ю программа.

Белхан программин чулацам

102сахьт

Довзийтар (1 сахьт)

Сулаев М.А. (10 сахьт).

Сулаев М. дахар а, кхолларалла а. «Сох муха эр дара адам», «Органан йистехь», «Сай» стихотворенеш. «Лаьмнаша ца диццдо» роман.

Литературан теори. Исбаьхьаллин литературехь васт кхолларах болу кхетам к1аргбар.

Айдамиров А. 1. (8 сахьт).+2

Айдамиров А. дахар а, кхолларалла а. «Еха буьйсанаш» роман.

Литературан теори. Исторически романах болу кхетам к1аргбар.

Ахматова Р.С. (7 сахьт).

Ахматова Р. дахар а, кхолларалла а. «Даймахке», «Тхо долчу дуьйла…» стихотворенеш. «Дагалецамийн новкъа» поэма.

Литературан теори. Лирически турпалхочух болу кхетам к1аргбар.

Сулейманов А. С. (4 сахьт).

Сулейманов А. дахар а, кхолларалла а. «Ламанан хьостанаш», «Маржа-я1, боцу ницкъ», «Ма дохко ваьлла со» стихотворенеш.

Литературан теори. Лириках, лирически турпалхочух кхетам к1аргбар.

Арсанукаев Ш.1. (10 сахьт).+2

Арсанукаев Ш. дахар а, кхолларалла а. «Весет», «Нагахь хьан г1о оьшуш…», «Нийсонан гимн», «Гиний шуна?», «Диццдина илли», «Ненан мотт» стихотворенеш. «Кхолламан сизаш» стихашкахь роман.

Литературан теори. Стихашца язйинчу романах кхетам балар.Поэтически маттах кхетам балар.

Окуев Ш.Хь. (7 сахьт).

Окуев Ш. дахар а, кхолларалла а. «Лай т1ехь ц1ен зезагаш» роман.

Литературан теори. Яккхий эпически жанрехь йолчу произведенех болу кхетам к1аргбар.

Шайхиев 1.Х. (6 сахьт).

Шайхиев 1.поэтически кхолларалла. «Нохчийчоь-1995», «Ч1аг1о» стихотворенеш. «Дерачу кхолламан кхиэл» стихашкахь повесть.

Литературан теори. Стихашца язйинчу повестах кхетам балар.

Рашидов Ш. Р. (6 сахьт).

Рашидов Ш . Поэтически кхолларалла. «Баланах дуьзна дог», «Пондар боьлху» стихотворенеш. «Аружа» поэма.

Литературан теори. Лирически говзарех болу кхетам к1аргбар. Стихаш кхолларан кепаш.

Гацаев С.А. (4 сахьт).

Гацаев С. дахар а, кхолларалла а. «Йише Маржане», «Хаьий хьуна, Фирдоуси…», «Хатта хьайна Саадига», «Цхьа а дац сан ойла къуьйлуш…», «Лоша эсала мох…», «Лалла хьайна некъаш мел ду…», «Б1аьсте хир ю - б1аьсте, б1аьсте!..» стихотворенеш.

Литературан теори. 1аламан лирикех болу кхетам к1аргбар.

Ахмадов М. М. (6 сахьт).

Ахмадов М. прозаически кхолларалла. «Сатоссуш, седарчий довш», «Маьрк1ажехь дитташ» романаш, «Зингатийн барз а ма бохабелаш» повесть.

Литературан теори. Литературин турпалхочух, сюжетах, композицех кхетам балар.

Дикаев М.Д. (4 сахьт).

Дикаев М. дахар а, кхолларалла а. «Стегаг ц1е», «Суна лаьа» стихотворенеш.

Литературан теори. Лирически стихотворенех болу кхетам к1аргбар.

Кибиев М.М. (4 сахьт).

Кибиев М. дахар а, кхолларалла а. «Ден къамел» стихотворени. «Шагат1улг» легенда.

Литературан теори. Эпически, лирически долчух кхетам балар.

Бексултанов М. Э. (6 сахьт)

Бексултанов М. прозаически кхолларалла. «Наггахь, сайн сагатделча», «1аьржа б1аьрг», «Хьалхара парта», «Корталин Хантоти» дийцарш.

Литературан теори. Дийцарх болу кхетам к1аргбар.

Бисултанов А. Д. (6 сахьт).

Бисултанов А. поэтически кхолларалла. «Йог1у и къежъелла месаш…», «Бадуев Саь1ид», «Десачу гуьйна т1е…», «Ас хьан ч1абанех г1айг1а юцур ю» стихотворенеш.

Литературан теори. Лириках болу кхетам к1аргбар.

Эльсанов И.И. (4сахьт).

Эльсанов И. прозаически кхолларалла. «К1айн коч», «Баьчча», «К1ант ц1авар» дийцарш. «Ц1ег1ачу декхнийн боьлак» повесть.

Литературан теори. Исторически повестах болу кхетам к1аргбар.

Яндиев Д.Х. (3 сахьт).

Яндиев Д. поэтически кхолларалла. «Нене», «Хаза ю синтеме буьйса» стихотворенеш.

Литературан теори. Луларчу къаьмнийн поэзех кхетам балар.

Кулиев К.Ш. (2 сахьт).

Кулиев К. поэтически кхолларалла. «Хиндолчунна аьлла байташ», «Т1уьначу лаьттан цинц къуьйлу ас буйнахь…» стихотворенеш.

Литературан теори. Луларчу къаьмнийн поэзех болу кхетам к1аргбар. (2 сахьт)

11-г1а класс чекхъяьккхинчарна хаа дезарг

Литература 1амийначу дешархочунна хаа дезаш ду:

– дешан искусствон вастийн башхаллаш;

– 1амийначу литературин говзарийн чулацам;

– яздархойн дахарх а, кхоллараллех а коьрта хаамаш;

– историко-литературин некъаш кхиаран бакъонаш а, литературин тайпанаш а; литературин теорин коьрта кхетамаш а;

– литературин говзаран чулацам схьабийца хаар;

– исбаьхьаллин говзалла талла хаар (тематика, проблематика, васташ, композицин башхаллаш, чулацаман мехалла, меттан исбаьхьаллин г1ирсаш);

– 1амийна цхьа дакъа таллар и говзаран проблематикица йозуш хиларх кхетор;

– исбаьхьаллин литература юкъараллин дахарца а, культурица а юстар;

– 1амийначу литературин говзарийн чулацам дахарций, историн хиламашций буоза хаар;

– литературин гуттар а долу хаттарш, лехамаш, 1алашонан гар;

– говзар карарчу заманца юста хаар;

– говзаран тайпа а, жанр а къастор;

– литературин говзарш вовшашца юстар;

– авторна хеташдерг билгалдаккхар;

– 1амийна говзарш нийса ешар;

– ешначу говзарх лаьцна шена хетарг алар;

– ешначу говзаршна рецензеш язъян, царех лаьцна сочиненеш язъян хаар.

Дахарехь а, къинхьегамехь а хаарех  пайдаэца хаар:

– муьлхха а темина барта я йозанан текст х1оттор;

– диалогехь я дискуссехь дакъалацар;

– исбаьхьаллин культурин дахарх болу хаамаш бовзар, церан эстетически мах хадор;

– шена оьшу говзарш къасто а, церан нийса мах хадо а хаар.

Дешархошна 1емина хила деза**:**

– говзар т1ера исбаьхьаллин суьрташ шайн ойланехь юха схьах1итто;

– литературин говзар шен жанран а, идейно-исбаьхьалин а башхаллашка хьаьжжина къасто;

– исбаьхьаллин говзар муьлхачу литературин тайпанан ю (эпически, лирически, драматически) билгалдаккха;

– литературин говзаран коьрта проблемаш билгалъяха;

– цхьана я масех говзаран турпалхойн васташ вовшех дустуш къасто;

– говзарехь сюжетан, д1ах1оттаман, вастийн исбаьхьалии суртх1отторан г1ирсийн цхьаалла гучуяккха а, маь1на дан а;

– говзаран турпалхошка а, цу т1ерачу хиламашка а авторан болу хьежамаш билгалбаха;

– ешначу говзарх  а, цуьнан турпалхойх а шайна хетарг бух болуш ч1аг1адан;

– ибаьхьаллин говзар къастош еша;

– шаьш кхочушбечу барта а, йозанан а белхан план х1отто;

– барта а, йозанан а тайп-тайпана сочиненеш кхолла;

– литературин хьокъехь а,  юкъараллин дахарх лаьцна а йолчу статьян план, тезисаш, конспект х1отто;

– литературин материал т1ехь доклад, къамел кечдан (цхьана-шина книгех пайда оьцуш);

– шаьш ешначу книгина рецензи язъян

### 3. Дешаран-темин хьесап

**10 Класс (102 сахьт)**

| № | Хьеха билгалдинарг | Сахьт |
|---|---|---|
| 1 | Довзийтар | 1 |
| 2 | Мамакаев М.А. | 9 |
| 3 | Гадаев М.-С. | 3 |
| 4 | Нохчийн литература XX б1ешеран хьалхарчу эхехь кхиаран хьелаш. | 1 |
| 5 | Арсанов С.-Б., Ошаев Х. Окуев Ш. (обзор) | 3 |
| 6 | XIX-б1ешо чекхдолучу –XX-б1ешо долалучу муьрехь хилла нохчийн юкъараллин дахар а, граждански т1ом а. | 1 |
| 7 | Гайсултанов 1. Э. | 5 |
| 8 | Эдилов Х. Э. | 4 |
| 9 | Абдулаев Л. | 3 |
| 10 | И.Эльсанов. | 5 |
| 11 | Бисултанов Апти | 5 |
| 12 | Муталибов Зайнди | 2 |
| 13 | Эдилов Хасмохьмад | 4 |
| 14 | Сулаев Мохьмад. | 2 |
| 15 | Гацаев Саид | 2 |
| 16 | Бисултанов Апти | 3 |
| 17 | Базоркин И.М. | 4 |
| 18 | Яндиев Д . | 3 |
| 19 | Казбеги А. | 2 |
| 20 | Къамел кхиор | 8 |
| 21 | 1амийнарг карладаккхар | 1 |
| 22 | Жам1 дар. | 1 |
| 23 | Дерриге | 102 |

**11 класс (102 сахьт)**

| № | Хьеха билгалдинарг | Сахьт |
|---|---|---|
| 1 | Довзийтар | 1 |
| 2 | Сулейманов А.С. | 2 |
| 3 | Айдамиров А.1 | 5 |
| 4 | Ахматова Р. С. | 3 |
| 5 | Арсанукаев Ш.1. | 7 |
| 6 | Шайхиев 1.Х. | 3 |
| 7 | Рашидов Ш.Р. | 5 |
| 8 | Дикаев М.Д. | 4 |
| 9 | Ахмадов М.М. | 4 |
| 10 | Бексултанов М.Э. | 3 |
| 11 | Исаева М. С. | 5 |
| 12 | Музаев Н. Д. | 3 |
| 13 | Нунуев С.-Х. | 3 |
| 14 | Ибрагимов К. | 2 |
| 15 | Яшуркаев С. | 4 |
| 16 | Казбеги А. | 3 |
| 17 | Кулиев К.Ш. | 2 |
| 18 | Къамел кхиор | 8 |

| | | |
|---|---|---|
| 19 | Рецензи язъяр | 1 |
| 20 | 1амийнарг карладаккхар | 2 |
| 21 | Дерриге | 102 |